НАРТХЭ зекІуэ щежьэм, Сосрыкъ уэ гъусэ ящІатэкъыми, шэсри якІэлыдэкІащ. Гъуэгу здытетым, дзитІ зэпэгъуэлльауэ ирихьэлІащ. Зэпэгъуэлъа щхьэкІэ, зауэр зыублэн кхъаэкІыртэкъым - зыр адрейм поплъэри щысщ, зэрыгъэщыэжащ.

- Дзэм кьикІа дзэ? - щІэупщІащ Сосрыкъуэ, нартхэ яхьихьэри.

- Чынтым кьикІащ, - кхъжраІащ, - нартхэ дахьунщІэн я мурадщи, зыублэн кхъаэкІыркъым.

- Сэ хуэзуублэнщ, - жери Сосрыкъуэ дзэм яхьихащ, и бжьщхьэ дыкъуакъуэр ятрикъуэгэри зэбгрихащ.

Чынтыдзэр лъэныкъуэ иригъэзэ нэуэкъ, «сыщэкІуэнщ» жери, Сосрыкъ уэ ту эрэныгъ и ихьащ. Гъэрэныгъ и ихьауэ, зы фІыцІагъэ къыІэщІэльэгъуащ Сосрыкъуэ. Фіыціагъэр щуу: Іэ къыщІэжІащ. Щэхуэрэ зыхъункъым. Лъэжьэри щыхьакъым. ЩыщІэмыхьэм, къиГгэкІэрахъуэри зы теуэгъуэ кьикІуауэ, щур къыщІэгуоуауэ зэхихащ. ЗэплъэкІ и хабзэтэкъыми, Сосрыкъуэ зигъэзакъым, ишри къыжьэдикъуакъым.

КьащІэгуоуар къыльежьэри, напІэзыпІэм къыщІыхьащ Сосрыкъуэ, кьеІэдэкъащ ауанэгум кьридзащ, къыхьфІихуэри, вагъэбдзэмиблыр блыпкъкІэ иригъэващ, вэрэвйм я пщІэнтІэпсыр къыхихуащ. И джатэр кьрихри, шу мэхьаджэр къыщхьэщхьащ Сосрыкъуэ:

- Зы хьэ сыцІа хуэдэ, уэуфІынкъэ нобэ, - жери.

- ДумыгъэпІащІэ, - жиІащ Сосрыкъуэ, къыззэфІэувэри.

- Сэ сыхьэкъым, нартхэ сащыщщ, нобэ ди лъэпкъ яукІыркъым, зыуклаи я экІыжкрыкъым, мажищ пІалъэ къыІэт.

- Хьэрэмэ Іуащхьэ эзхудипІалъэщ, - жери шум Сосрыкъуэ кьнутІыщщжащ.

И цыр ууэ, Сосрыкъуэ и анэм дежьэ кІуэжащ.

- У и фэр пыхьэ-пыкІщ, уи гур иклагъэхъэщ, - жиІащ Сэтэней, Сосрыкъуэ кьеплъри. - Сыт кхъэхъар, уи лакъэр сыт?

- Кхъэхъэм ущІэмыупщІэ, - жиІащ Сосрыкъуэ. - Лажьэщхуэ сиІэщ.

- Кьыізжумыіэмэ, зыслІэжьщщ, - жери Сэтэней жыр лэныстэр кьищтащ.

Кьыщьыщар и анэм хуиІуэтэжащ Сосрыкъуэ, шум мазхуищ пІалъэ кьыізэрыитарри жриІащ.

- Сыт и шыфэлІыфэ шум? - щІэупщІащ Сэтэней.

- Щауэ хужь Іэпщабгъэущ, - жиІащ Сосрыкъуэ, - бэлэрыгъ зекІуэщІ, и щхьэр уэгум етащ, шыуэ зытесыр льэдакъэ цыджэш, щхьэщІыдзэ кІыхьщ, шыгъуэ бланащхьэщ.

- Сыгуащэ мыгъуэт, - жиІащ Сэтэней, - Уэыкуэзар Албэч и кІуэ Тотрэш ябгэщ. Абы Іэщ!ьхэр Іэщ!экІырыкъым - уІэщІэкІуэдэнущ.

Сэтэней щэщым кІуащ, шхыдзэрэр:

- Хьэм яшхьэкІ кІуащ, шхыдзэрэр:

- Хьэм яшхьэкІ Тхъуэжьеижь! Хьуэн кьебгъжьри кхъэсгъэпщэжащ си щІалэр. Мыр уэра зи лажьэр хьэмэтІуми фызэдилажьэ?

- Кьалъг улькІэ сыгъашхэ, - жиІащ Тхъуэжьейм. - Уэзджьинщэ кхъэсх эщІэ: пІалъэр кьэсрэ Тотрэш и щхьэр Сосрыкъуэ кьеэмыгъэхьмэ, хьэм сегъэшхьэж.

Щым Іус ирятщ, шхалъэм къалъгупыр дзэ ищІри, Сэтэней Лъэпщ деж кІуащ, уэзджьинщэ иригъэщІри, махуищ пІалъэр кхъщысхьм, уэзджьинщэр Тхъуэжьейм и сокум хищІащ.

У эзджьинщэр зэщІэжьыуэу, Сосрыкъ уэ Хьэрэмэ Іуащхьэ нэсащ. Албэ ч и кІуэ Тотрэш кьэсауэ Іуащхьэм тетт.

Уэзджьинщэм ягъащтэри, тотрэш и шыгъуэ блана щхьэм щІитхъащ.

- Хьэм яшхьэжьи, пІалъэ эзэта шу цыкІура узыгъэщтар?

- жери Албэ ч и кІуэ Тотрэш шыр кхъжьэдикъуащ, кхъщыжьэдикъуэм, шым и жьэр щІэтхъэри, езыр шыпхэмкІэ кхъпхъуащ.

Албэч и кІуэ Тотрэшым щхьэщхьащ Сосрыкъуэ, и джатэ кІэщІыр кьрихри.

- ПІалъэ кхъэзт, - жиІащ Тотрэш.

- Бийм пІалъэ естырхьмэ: сыщрихьэлІэ си пІалъэщ, - жери Сосрыкъуэ Тотрэш и щхьэр фІихащ.

Алыджхэ япхъу

НАРТХЭР къэдрэ щыізэхохьэ Алыджхэ я унэм, санэхуафэ щащІ. Алыджхэ я унэр Кьургъутам бжьэпэ (хы Іуфэм) тетауэ жаІэ. Унэм и лъабжьэр зыльэгъуэ уроькІэ иджжри (епщыкІу6гъуанэ ліащІыгъуэм и пэщІэдзэм). ЩІытІ лъагэкІэ къэщІыхьауэ щытащ Алыджхэ я унэр, къэбла лъэныкъуэмкІэ къэбжэ хэлъащ. Унэ хужь кІыхьу щытауэщ зэрыжаІэр, лъэбакъуэ щэщІ и кІыхьагъэ. Унэ щІэсэныбзт, зы щІэсэныр вийм якуэгъэхьей къудейуэ. Гъуаплъэм кхъэжьын щимыгъэтым, пщацэм еупщІащ:

- А псори пщІэуэ дапщэщ укъаІатъуа уэ дахэр? - жери.

Нартхэ я Дыгулыпхъу абын хуэщІати, мыпхуэдэ жуаІэ кьиратащ:

- Къау-къау щыкъакъэу, къау-къау щыкІэщІу, Къаз анэ щыгъуаІтхъэу, ПщІэгъуаІэ щыгупкІэу, Гупкіэ мэщ къыщхьым - А лъэхъэнэм сыкъаІатхъуащ.

- Іэу! Іэу! - жери Ашэмэз и нэр кьиухащ. - Дэнэ укъыщаІтхуар, нартхэ я Дыгулыпхъу? - жиІэу кьеупщІа фІэкІ, Іэщ!ьуащІ жиІэн игъэтыжакъым.

И Іэр адрыщІкІэ ишийри, Дыгулыпхъу жиІащ:

- Мо унэ хужьым, хьэ хужьыбзэ зыІуІылым сыкъыщалъхуащ.

Ашэмэз, и щхьэр нтъкъІэрахъуэри, блэкІащ. Ашэмэз щыблэкІым, нартхэ я Дыгулыпхъу, гуэгуэныр и дамащхьэ тригъэувэжри, Псыжь Іуфэ Іухьащ, псыхьэ екъати.

Си пэ лъы къож

ПХЪЭНКІИЙ идзыпІэм щыуЛъэпхъащэуэрэ, бзу цыкІум дыщэ кІанэ къыпэщІэхуащ. Дыщэ кІанэр ипхъуатэри, жыгъыщхьэм итІысхьэжауэ, уэрэд къреш:

Пщым имыІэ сэ сиІэ! Пщым имыІэ сэ сиІэ!

- Сыт сэ симыІэр? Сыт бзу цыкІум иІэр? Фыкіуи, фепІъ, - жиІащ пщым.

Кіуэри еплъащ: бзу цыкІум дыщэ кІанэ иІыгът.

- Дыщэ кІанэ кІыупъэпхъэщащ бзу цыкІум, - жраІащ пщым.

- Фыкіуи, кьыгеФх! - жиІащ пщым.

Бзу цыкІум къыттрахри, дыщэ кІанэр пщым къыхуахьащ. Бзу цыкІур жыгъыщхьэм здисым къащІонакІэ:

Къызэфыгъуэри страха!

Къызэижри страха!

- Ефтыж дыщэ кІанэр! - жиІащ пщым.

Дыщэ кІанэр бзу цыкІум иратъжащ. Щратыжым, къащІэнэжащ:

Згъэшынэри къатесхьжа!

ЗгъэкІэщІри къатесхьжа!

- Къэвбыди, фІэвгъэж! - жиІащ пщым.

Бзу цыкІум къаубыдри фІагъэжащ. Щыфіагъэжми и жэр увыІакъым бзу цыкІум:

Си пэ лъы къож!

Си пэ лъы къож!

- Ффыщіи, схуэвгъажьэ! - жиІащ пщым.

ЩафыщІми къащІэнэкІащ бзу цыкІур:

Бащэ сопхъ,

Цы сопхъэх!

Бащэ сопхъ,

Цы сопхъэх!

Яфыщіауэ щагъажьэм бзу цыкІум жиІащ:

Си щІыб мафІэ изогъэу!

Си щІыб мафІэ изогъэу!

Ягъажьэри, пщым хуахьащ бзу цыкІум. Пщым щІыпкъым, бзу цыкІум жиІащ:

Пщым и ныбэр си абгъуэ!

Пщым и ныбэр си абгъуэ!

Бзу цыкІур ишхри, пщыр хущхьащ. Пщыр щыхущхьэм, бзу цыкІур пщым и ныбэм кьиутъ-тъжащ, дыщэ кІанэр ипхъуэтэжри, жыгъыщхьэм итІысхьэжащ. Жыгъыщхьэм итІысхьэжауэ, пщым къыщІонакІэ бзу цыкІур:

Пщым имыІэ сэ сиІэ! Пщым имыІэ сэ сиІэ!

НапэкІэуэцІыр зыгъэ хьэзырар КЪЭРМОКЪ УЭ Хьэмидщ.

Сосрыкъуэ и къафэ.
Суратыр **ГЪУЭГУНОКЪУЭ Мухьэрбий** *ищІащ.*

АСЛЪЭНЫР, дыгъужыр, бажэр щакІуэ зэдежьащ. Кіуэм-лъэгуэрэ, псым адрыщкІэ кьаз хьуш э кьыщалъэтъуащ.

Дыгъужьым. Псым адрыщІкІэ щыхьэкІуэ кьаз хъушэр фІьагъурэ? Зэрыпшэр защІэ! Си гурыІуэпсыр кьагъэжащ! СыкъэжаІащ, си лъэр щІохуу.

Бажэм. Дахэвгъэльадэ, кьаз зырыз кьыхэдвгъэуд! Кьазыл хэт ишхыжа куэд щІауэ?

Дыгъужьым. Нэгъабэ лъандрэгэ сІухуащхьым.

Бажэм. НтІэ хэт дызыпэпльэр - дахэвгъэльадэ, кьазыхъуэр кхэмыс щыкІэ.

Асльэным. Зэ фыкьыгримычы. Псори зэуэ дахэльадэмэ, кьаз хъушэр дгъэщтэнщи, дыхэкІыжащ. Сызаху э, дыгъужьжьжь?

Дыгъужьым. Ло тщІэнуті?

Асльэным. Гъуэрыгъуэ уэ дахэльадэнщ.

Бажэм. Хэт яп э яхэльэдэнур?

Асльэным. Нэхьыжьращ.

Дыгъужьым. Хъунщ, уэ унэхьыжьщи, нэхьыжьыгъу э уэтхынщ.

Бажэм. Сыарэзыщ. Асльэныр япэ хрельадэ хьушэм.

Асльэным. Тхьэразэ кьыфэхухьу... Кьаз хъушэм сащыхэльадэкІэ си хабзэр фщІэрэ фэ?

●Сабий театрым папщІэ

Асльэным зыпумыщІыж

Дыгъужьым. СщІэркъым.

Бажэм. Сэри сщІэркъым.

Асльэным. ФымышІэмэ, мыцэ фыкьапльэ. *(И пщэцыр егъэтэджри.)* Си пщэцыр къэтэджа?

Дыгъужьым. Къэтэджащ.

Бажэм. Ауэ сытми!

Асльэным *(и кІэр иресэри).* Си кІэм зриса?

Дыгъужьым. Зрисащ.

Бажэм. Зрисам кьыщынакъым!

Асльэным. Си нэм лъы кьытезгъэльэдэнущ иджы - фыкьапльэ. *(И нэм лъы кьытрегъэльадэ.)* Кьытельэда си нэм лъы?

Дыгъужьым. Кьытельэдащ.

Бажэм. Дыдыдыд!

Асльэным. Аращ си хабзэр кьаз хъушэм сащыхэльадэкІэ!

*Асльэныр псым зэпроль, хъушэм зы кьаз кІахеудри, мэзым хольэдэж: «*Кьэнар фи Іыхьэщ, сфІыІэ фышх!»

Дыгъужьым. Иджы си чэзущ, бажэжь щыкІу. Сэри зыІэжІэщІэсшынурэ, кьаз хъушэм сахэльэдэнщ. *(И пщэцыр кьигъэтэджи хъэдэу зещІ.)* Си пщэцыр къэтэджа?

Бажэм. Къэтэджакъым.

Дыгъужьым. «Къэтэджащ» жыпІэркъэ - уи жэм пщІэ щІэптр? *(И кІэр иресэри. Си кІэм зриса?*

Бажэм. Зрисащым.

Дыгъужьым. «Зрисащ» жыпІэркъэ, насыпкъэмыгъакІуэ. Си нэм лъы кьытезгъэльэдэнущи, кьапльэ. *(И нэм лъы кьытригъэльадэ хъэдэу зещІ).* Си нэм лъы кьытельэда?

Бажэм. Хьэуэ. Кьытельэдакъым.

Дыгъужьым. Уэри у э! Гъуэ зущІым хуеякъым нобэ... Кьапльэ иджы адэкІэ.

*Псым зэпрольри, дыгъужьыр кьаз хъушэм яхольадэ. Макъ кьыщоІу адрыщкІэ: «*Си лъакъуэр кьутэн! Джаур лы-цынэшх! Кьаз мыгъуэр уэдгъэщьыни!» *Кьазыхъуэхэм яІууэри кІуэщІакъуэкъуэ, дыгъужьым и щхьэр кьеджьыж, бажэм и пащхьэ кьоуІурре.*

Бажэм. Мыр сыт? Сыт къэхъуар?

Дыгъужьым. Кьазыр кьысщІагъэзныж пэтащ, кьэзыхьуэхэм саІуэрэ. Армыгъуейуэщ сакъыізэрыІэщІэкІар. Си лъакъуэр зэпаудащ, си дзажэналъэри хакъутыхьащ, си нэвагъуэр сагъэльагъужащ. Дыдыдыд!

Бажэм *(дыгъужьыр фІэгуэныхьх хьуэ).* Уи пщэцыр кьэтэджащ иджы, дыгъужьыжьк!

Дыгъужьым. Къэтэджакъым жыпІэркъэ, бажэжь щыкІу!

Бажэм. Уи кІэмэ зрисащ.

Дыгъужьым. Зрисакъым жыпІэркъэ!

Бажэм. Уи нэми лъы кьытельэдащ.

Дыгъужьым. Кьытельэдакъым жыпІэркъэ, бажэжь щыкІу!

Бажэм. Асльэным зыпумыщІыж жысІэурэ, уи тхъэкІумэр дапщэрэ скъуза, дыгъужьжьжь: укъызэдэІуакъым.

Дыгъужьым. СынодзІуа мыгъэжьым, дыдыдыд!

Бажэм. УкъызэмыдэІуамэ, фы щІэпха: кІэ бгъэтэщ.

Дыгъужьым. Адыдыд! *(И псэр хэкІри, знукъуэдинжащ).*

Нартхэм я гъукІэ Лъэпщ.
Коллажыр *Адыгэ Республикэм и цІыхубз суратыщІ* **ПЭТІУАЩІЭ Феликс** *ищІащ.*

● Нарт хъыбархэр

Къэнар фи хьэлэлщ

ГЪУД къаІэ якъутэн мурад щащІым, нартхэ Сосрыкъуэ ирагъэджащ:

- Ныдлежьэ, Гъуд къаІэ ткъутэнурэ фІыгъуэу дэлъыр къыдэтхынущ, - жари.

- Сэ сыкъэзыщІэ дэсщ абы, ягу кьыізэбгъэнущ, - жери Сосрыкъуэ ідакъыпкъым.

Нар тхэ Гъуд къаІэ якъутащ, фІыгъуэу дэтхыр къыдахри къагъэзэжащ. Зэхэтыхьхэри, фІыгъуэр ягуэшын щІадзащ.

Ягуэшын щІадзэри, зэщыхьэжащ. Щыізэщыхьэжым, Сосрыкъуэ деж Батрэз ягъэкІуащ:

- Фіыгъуэр тхуэгуэш, - жари.

- Дауэ фхуэзгуэшын: къалэр щыфкъутэм сыфхэтакъым, - жиІащ Сосрыкъуэ.

- Укъытхэмытэм, тхуэгуэш. Кьыздумышауэ укъэмыкІуэж жари сыкъагъэкІуащ, - кхъихигъэзэхьащ Батрэз.

Кьыщыхигъэзэхьхьым, Сосрыкъуэ нартхэ яхьихащ.

- Уэ кхъэзрытхуэбгуэшкІэ арэзы дыхъынщ, - жаІащ нар тхэм. - Гъуд къаІэ щыткъутэм укъытхэмытами, уэри Іыхьэшнэ утщІынкъым.

Гъуд къаІэ къыдаха фІыгъуэм хэпІащ Сосрыкъуэ. ЩыхэпІэм, зы фэ Іэнэжьм, зы щІопщ пагуэжь, зы псырыкІуэ вакъэжь къыІэщІэгъэгъуащ. ЗекІуэ ежьэмэ, Гъуд къаІэ щепсых и хабзэти, фэ Іэнэжьм, щІопщ пагуэжьми, псырыкІуэ вакъэжьми щыгГъуаэзт Сосрыкъуэ, къаэзрыІэщІигъэкІынт имыщІэр армыхъу.

- Фхуэзгуэшынщ, - жиІащ Сосрыкъуэ, - мы зымкІэ дызэгурыІуэмэ: пхъэ дзасэ зырыз зыкъэдэфІунщ, фиурыкІынщи, фІыгъуэр щызгуэшкІэ, къыспэрыцэ къыхэкІмэ, и кэр ифщІынщ. Дызэгурыіуэрэ?

- Дызэгуроіуэ, - жаІащ нартхэм, пхъэ дзасэ зырыз зыкъэдаІурп иувыІащ.

Фіыгъуэр ягунгэшурэ, фэ Іэнэжьыр къыхэкІащ.

- Си пщафІм и нэ къокІи, фэ Іэнэжьыр си пщафІм хэсхъынщ, - жери Сосрыкъуэ фэ Іэнэжьыр зригъэтІылъэкІащ.

- Аи, тхъэгъэпцІ щыкІу! - кхъэкІиикІащ Блыпкъкіэщі.

БлыпкъкІэщІ и нэр иращІащ.

Къегуэшэкіыурэ, щІопщ пагуэжьыр къыщыхэкІым:

- Си шыхъуэм и нэ кьокІ, щІопщ пагуэжьыр си шыхъуэм хуэсхъынщ, - жери Сосрыкъуэ щІопщ пагуэжьыр зригъэтІылъэкІащ.

- Аи, тхъэгъэпцІ щыкІу! - кхъэкІиикІащ Арыкъшуужь.

Арыкъшуужь и нэри иращІащ.

Гъуд къаІэ къыдаха фІыгъуэр яхунгэшри, Сосрыкъуэ щэсыжащ.

- Арэзы фхъъуа?

- Дыхъуащ, - жаІащ нартхэм.

Сыт жаІэнт нэгъэущ, апхуэдизу зэгурыІуат.

Фэ Іэнэжьыр, щІопщ пагуэжьыр, псырыкІуэ вакъэжьыр ихьри, Сосрыкъуэ нартхэ яхэкІыжащ:

- Кьэнар фи хьэлэлщ, - жери.

Пасэрейм я хугу

СОСРЫКЪУЭ дунейм кьытехьэжащ, щыІэ и Іэфіыр щІэкІынущ жаІэурэ, ІІыныбжь Іэджв дэкІащ. ЛІыныбжь Іэджв дэкІауэ, Сосрыкъуэ, псэуэ щІалъхьати, щІыр къыізэгучри, дунейм кьытехьэжащ:

- Си ужь кхихъуам сеплъынщ, - жери.

Щу Іугъуэ ищІри, Сосрыкъуэ ежьащ.

Гъуэгу тетурэ, щу гупыр зы уэнэ щепсыхащ:

- ДыкъагъэхьэщІэфмэ, деплъынщ, - жари.

ПІымрэ фыымрэ къыщыгуфІыкІри, щу гупыр ирагъэблэгъащ.

ЛэгъупыІэмпІэ зэфІидзэри, лэгъупым хугу Іэбжьыб фІэкІ зэрыхимыкІытар яльэгъуащ Сосрыкъуэ и гъусэхэм.

- Хугу Іэбжьыбым сыт кьытхуищІэт? - зэпльыжащ Сосрыкъуэ и гъусэхэр.

Щу гупыр хьэщІэщым исурэ, хугур вэри, пІастэр лэгъупым имыхузж хьуащ. Ар гъэщІэгъуэн къащыхъури, и хьэщІэгъуэ зэфІэкІаІуэ щытэджьжым, щу гупыр унэгуащэм ещпІащ:

- Пэгъупым хугу Іэбжьыб фІэкІ хэпкІутакъым, ар дауэ? - жари.

- Хугу Іэбжьыб згъэтІылъауэ сиІэт, пасэрейм кьащІэнаІэ, - кьажриІащ унэгуащэм. - Аращ лэгъупым хэскІутар. Апхуэдэ гуащІэ щІэлъащ пасэрейм я хугум.

- Апхуэдэ гуащІэ хэлъыжкъэ хугум иджы?

- ЩІэлъыжкъым, хум и гуащІэр щІэкІащ.

- Ар сыт щхьэкІэ?

- Сосрыкъуэ дунейм кьытехьэжащ, и щІэнущи, аращ хум и гуащІэр щыщІэкІар, - жиІащ унэгуащэм.

«Сосрыкъуэ дунейм кьытехьэжмэ, хум и гуащІэр щІэкІынущ», жаІэу щытащ абы и пэкІэ.

Игурэ и щхьэрэ зэбгъэжауэ, Сосрыкъуэ шу гупыр иришэжьажащ. Куэр, кІуэжакъым: шу гупыр иутІыпщыжри, Сосрыкъуэ щІым щІыхьэжащ.

Уджыпіэ Іуащхьэ

ХЪУДЫМЫЖЬ, Іуащхьэм тегъуалъхьэри, жейм хилъэфащ. Жеямэ, жэщибл-махуибдкІэ кьызэщыужьрытэкъым Хъудымыжь. Сосрыкъуэ, шууэ блэкІрэ пэт, Іуащхьэм жеяу э тельъ Хъудымыжь ирихьэлІащ. БгъэдэкІуатэри, еджащ - кьыхъэгъэущакъым.

- Сэ уэ сыпхурикъынкъэ! - жери Сосрыкъуэ Хъудымыжь ипхащ.

Жэщибл-махуибдкІэ жейри, Хъудымыжь кьызэщыужащ, кьыдэпльейри Сосрыкъуэ кьилъэгъуащ.

- Сосрыкъуэ жьхуаІэр уэра? - кьеупщІащ пхауэ здэщыІупм.

- Сэращ, - жиІащ Сосрыкъуэ.

- СытІэтэж, ЛІым мыпхуэдэ иращІэркъм.

- УстІэтэжьщ, зы Іуэхутхъэбзэ кьыхсхуэпщІэмэ, - жиІащ Сосрыкъуэ.

- СхуэзфІэкІынумэ, пхуэсщІэнщ.

- ПхуэзфІэкІынущ. Хы Іуфэм укІуэнщи, Іэнлъэ из щыгъу дамащхьэкІэ кьысхуэпхьынщ.

- Кьыпхуэсхьынщ, - жиІащ Хъудымыжь.

- Мазэ пІалъэ зэуэ. Сэ мы Іуащхьэм сыныщожьэнущ. Щыгъуэ къэпхрэ укъэсыжьмэ, «ирикъунщ» жысІэху, ууджынщ, щыгъу Іэнлъэр уи дамащхьэм зэрытелъу.

- Сыуджынщ, - жиІащ Хъудымыжь. - Іэнлъэ дэнэ кьыйсхьи?

- Мо жыгеГм уеувэлІэнщи, кьыхэпхынщ, Уи дамэм тепльхьэнщи, хы Іуфэм укІуэнщ.

- Кьыхьэщ, - жиІащ Хъудымыжь.

- Кьыхьэщ, - жиІащ Хъудымыжь.

- Ирикъунщ, - иджы, - жиІащ Сосрыкъуэ, жэщибл-махуибл дэкІа нэужь.

- ПщІэнтІэпсыр кьыхсэпхуащ, - жери Хъудымыжь етІысэхащ.

- Дяпэкіэ убзэлэрыгъынкъым, - жиІэщ Сосрыкъуи, щэри екъэжащ.

Хъудымыжь и уджыпІэ Іуащхьэкіэ едж э хъуащ ар Сосрыкъуэ жэщибл-махуибдкІэ щигъэуджа Іуащхьэм.

Дыгулыпхъу

НАРТХЭ я Дыгулыпхъу псыхьэ ежьауэ зы шу кьырихьэлІащ. Шум и гъэгур зэпимыупщІи щхьэкІэ, Дыгулыпхъу къэвыІэри, гуэгуэныр иригъэувэжащ. Шур къэсмэ - Ашэ и кІуэ Ашэмэзт.

Дыгулыпхъу зэрыІэурыІуэдзыр ищІэрт Ашэмэз. «Мыбы зыгуэр жезгъэІэнщ», - жери Дыгулыпхъу дежьэ щынэсым, Ашэмэз щыр кьыжьэдикъуащ.

Ашэмэз и бзэгупІэ яп э кьыдэшэсеямкІэ пщащэм еупщІащ:

- Нартхэ я Дыгулыпхъу, мыбыкІэ шы блахуу умыльэгъуауэ пІэрэ? Шы солъыхьэ.

Ашэ и кІуэ Ашэмэз шы зэрымыльэхъуэр кьыгурыІуащ пщащэм. «Сигъэпсэлъэн щхьэкІэщ кьыщыізэупщІар», - жиІащ Дыгулыпхъу игукІэ, итІанэ мыр кьыжриІащ Ашэ и кІуэ Ашэмэз:

- Пэхущ вагъуэр кьыщыщІэзым, ПщІэгъуаэр сокупщІ-сокупщІэу, ПщІэгъуэлтъ сокупщІэ дамыгъэу, Къарэр блатхьэхуэр, Зыхуэр псыпщІэм хэнауэ, Жьыірабгъу куашэу, Щэсырабгъу сокуу, Кіуэрэ-кіуэрэ ущу -

Апхуэдэ гуэрым
Уи адэм и шыр ихуащ.
А сльэгъуам укІэтъымыжь,
УкІэтъыжьэмэ, ущыльэнукъым,
Ущыхьэмэ, упэльэщыщкъым.

Нартхэ я Дыгулыпхъу апхуэдэ псалъэ кьыридзын и гугъаКъм Ашэмэз. Сыт ищІэжьит Ашэ и къуэм? Пидзыжьэ щІэупщІащ:

- Ашэ и кІуэ, хьэ хужьыбзэ зыІуІылым сыкъыщалъхуащ.

Ашэмэз, и щхьэр нтъкъІэрахъуэри, блэкІащ. Ашэмэз щыблэкІым, нартхэ я Дыгулыпхъу, гуэгуэныр и дамащхьэ тригъэувэжри, Псыжь Іуфэ Іухьащ, псыхьэ екъати.

Зыгъэпсэ-хугъуэ махуэм Малъхъэдис

●ГушыIэхэр

Мэл гуартэм я бжыгъэр

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУИТI машинэм ису здэжэм, гъэгуи мэл гуартэ кьыззэпрыкIырти, къэувыIэн хуей хъуащ.
- Мэл 395-рэ, - жиIащ зым.
- Ар дауэ пхуэбжа? - игъэщIэгъуащ адрейм.
- Тынш дыдэу. ЯпэщIыкIэ я лъакъуэхэр къэзбжри, ар плIыкIэ згъушыжауэ аращ.

Гугъу хэлъкъым

СУРЭТ гъэльэгъуэнигъэм щыязэхуэза щалитIыр зопсалъэ:
- Дауэ уеплрэ, сыт мы IэдакъэщIэкIым сурэтыщIым къыщигъэльэгъуар - дыгъэ къуэхэгъуэра хьэмэрэ кьыкъуэкIыгъэуэ?
- Дыгъэм и къуэкIагъуэращ.
- Ар дауэ зэхэбгъакIа?
- Гугъу лъэпкъ сыдэхьакъым, ешы сурэтыщIыр фIыуэ сцIыхурти - ар шэджагъуэ мыхъуауэ зэи кьэтэджыркъым.

Хъуакъым ар

ЩIАПЭЩIЭР дыщэжкIэ щащэ тыкуэным щIохьэ.
- Сыт мы Iэпщэхъум и уасэр, - йоупщI ар тыкуэнтет пщащэм
- Сом мини 10.
- Хъуакъым ар, - жи щIалэм, - мы Iэльэныммщэ, - зыхуегъаэз абы тыкуэнтетым.
- ЕтIуанэу кьытебгъэзэжьын хуей хъунущ, щIалэ, а жыпIам, - кьрет жауэ хъыджэбзым.

●Уэзыншагъэ

Форэ шэрэ

МАХУЭ якъэ ди Iэнэм т ельэ языныкъуэ, шхыныгъуэхэр хуабжьу сэбэпщ цIыхум кьеуалIэ уз зэмылIэужьыгъуэхэм пIэщIэ зыпщIыжьмкIэ, е кьоуэлIа нэужь, зыбгъэхъужьымкIэ.

Фо. Iэщ IагъэлIхэм кьыззэральыгъэмкIэ, фом гумрэ лъынтхэкъуэ ящ. Iэщ Iагъэлъагъэ тэрэзэу, зэтрегъэувэ. Абы кьыздэкIуэуи тхьэмщIыгъум щэ тримыщIэнымкIэ, щIэх уемызэшьынымкIэ, щIыпм кьыхэкIа узыфэхэр гъэхъужьымкIэ зыхуэдэ щыIэжьым. Фор сабийхэм зи ныбжь хэкIуэтахэми я дежкIэ сэбэпщ. Жейм уемызэгъыу щытмэ, фо бжэмыших пшхырэ угъуэлльажьмэ, тыншу ужеинущ.

Чэнджэщхэр:
***Фор гъущIым кьыхэщIыкIа хьэжьущIкьукIэ зэрахьэрэкъым**
***Пьэмахуэ маззэхэм нэхъ мащIэрэ зэрыфшхыным иужь фит**
***Фошыгъу диабет кьызэуэхэр щIагъэжьым**
***Сабий щIынэхэм ебгъэшх хъунукъым.**

Шэ. Зэман куэд и пэкIэ кьахутащ шэм ящ лъы дзэкIэ нэхь мащIэ зэрищIыр, щхьэкуцIым сэбэп зэрызуэхьур.

Китай медицинэм кьызэрильытэмкIэ, щэр хуабжьу сэбэпщ тхьэмбылым, льатэм, кIэтIийхэм я дежкIэ. Ар кьэбгъэжьыгъуэрэ фошыгъу хэмылъу уефэмэ, Iэпкьлъэпкъыр нэхь быдзэ ещI.

Чэнджэщхэр:
***Льатэр нэщIу шэ уефэну щIагъэжьым. Абы щIакъуэ е булкэ дэпшхэ нэхьыфIщ**
***Льатэмрэ кIэтIийм я къайуалIэ языныкъуэ узыфэхэм хуэдэ уикрытмэ, шэр зэран хъунущ мэхъу**
***Шоколадым и гъусэу уефэ хъунукъым**
***Зи жьэжьейр узхэм я дежкIэ зэранщ.**

●Хъуэхъу

Налшык щыпсэу ПщыхьэщIэ Фаридэ Юрэ и пхъур мазаем и 7-р къыщалъхуа махуэщ

ФIыуэ тлъагъу ди пщащэм уи махуэ лъапIэмкIэ дынохъуэхъу! Уи дунейр дахэрэ узыншагъэр уиIэу, уэркIэ дыгушхуэрэ гъащIэм гу щыпхуэу, лъагъуныгъэрэ фIыгъуэкIэ гъэнщIа цIыхубз пасыпкIэ Тхъэр къыпхуэпсэу куэдрэ упсэуну ди гуапэщ, Фаридэ!

Уи адэ-анэ Юрэрэ Зоерэ, уи шыпхъу Равидэрэ уи малъхъэ Исльамрэ.

●ГъэщIэгъуэнщ

Куриямэ Норико и къэхутэныгъэхэр

«ПШХЫР къызжеIи, узищIысыр бжесIэнщ», - жиIащ и къэхутэныгъэхэр ирегъэкIуэкIа нэужь, Японием щыщ Куриямэ Норико. Ар илъэс куэдкIэ кIэлъыплъащ цIыхухэм яшхырэ я хьэлымрэ инли куэд зэригъэщащ. Куриямэ кьыззэритыгъэмкIэ, ди узыншагъэм и закъуэкъым тшхы ерыскъым елъытар, атIэ гъащIэм щыдиIэ ехьулIэныгъэхэри абы епхащ. ЙригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ящхьэ яткIэ, щIэныгъэ гъэжьакIуэм мыпхуэдэ гупхэр нубзыхуащ:

- ХадзэхэкIэмкIэ ерыщ щIыхум кьарувщхуэ хэлъщ, и пжьыгъэм ехъулIэныгъэ зэрыкьыпюкIуэ. Пхьы, жэгундэ гъэлыбжьакIэ ерыщыр щIэныгъэм хуэнэхьуенившэ. Абы и ерыщагъымрэ и пжьыгъэмрэ гулъытэншэу кьанэркъым. Апхуэдэ щIыхур и узыншагъэм кIэтхоплъ, щIыху мамырщ. Абыхэм шыгъу нэхъ мащIэ яшхэм, нэхъыфIщ.

- Пхъэщхьэмыщхъэ зыфIэфIхэм ныбжьыгъу тыншу зэрагъэгъуэ т. «Зэхьэзэхуэ» псалъэр абыхэм я жагъуэщ, абы кьыхэкIыри я Iуэху ещхьыкIэ жьыжьэ дэкIуейркъым. Нэхъыбзу кьыхахыр творческэ Iэжьыгъэращ.

- Бдзэжьей зыфIэфIхэр щIыхуэ щэхущ, зэпIэззэрыпщ. И ныбжьэгъуэхэмрэ лъжьэгъуэхэмрэ я деж и пщIэр щIыпIагъэщ. Унагъуэ Iуэхуки Iэ зыщIыгъуэ хъун щIыхущ. Апхуэдэ щIыхум и гур нэхъ зэIухауэ щыпщ.

- Ерыскъы сыркIэ ерыщ.

Набдзэхэм къыбжаIэ

Набдзэ фIыщIэ Iув зыщIелъым ехъулIэныгъэхэр тыншу зыIэрегъэхъэф, езыр щIыхуэ жьакIуэщ, тегушхуэныгъэ хэлъщ.

* * *

Набдзэхэр сырыхумэ, псыгъуэмэ, ар нэгъэщIыпIи псалъэм едэIуэф, сыткIи узыхэзагъэ щIыхуэ тыншщ.

* * *

Набдзэ сырыху зэкIэщIэпхъа зытелъхэр зи гупсысэр зэхемыубыдащ, зыпIэрэ зи хьэрэ имытхащ.

* * *

Набдзэм къегъэжьапIэ дыдэм деж зыщиIэтмэ, къэзыгъэпэж ныбжьэгъу куэд зэриIэм и нэщэнэу аращ.

* * *

Набдзэхэр къурашэмэ, цIыхум и цIэр фIыкIэ ягъэIуу, насыпыфIэу псэуну аращ.

Зы къэралу щытахэр

●Фигу къыдогъэкIыж

СССР-м республикэ 15 къызэщIиубыдэу щытащ. Мис ахэр, а зэманым я къалащхьэу щытахэр ящIыгъуу:

РСФСР: Москва
Украинэ: Киев
Белоруссие; Минск
Молдавие: Кишинев
Грузие: Тбилиси
Армение: Ереван
Азербайджан: Баку
Къэзахстан: Алма-Ата
Туркменистан: Ашхабад
Узбекистан: Ташкент
Кыргызыз: Фрунзе
Таджикистан: Душанбе
Литва: Вильнюс
Латвие: Ригэ
Эстоние: Таллин

1991 гъэм Совет Союзыр щылъэлъэжьым, фокIадэ маззэм япэу щхьэхуит хъурауэ щытащ Эстониер, Латвиер, Литвар. Абы и уэкькIэ, дыгъэгъазэм, адрей республикэ 12-ри ззэхэкIыжауэ щытащ.

СССР-м хьихьэу щыта республикиэхэм ящIыщу нэхъ лъэщ дыдэр **Москва** зи къалащхьэ **Урысей Федерацэрат.** Арат Совет Союзым и экономикэм, политикэм, щэнхабзэм мыхьэнэ нэхъыбэ щызыIэгъэзащIри. Адрей республикэхэр гуэкIами, Урысейращ къэрал нэхъ ин дыдэ у дунейм тетыр. Абы иныгъ щIыр (километр зэбгъуэзнатIэу 17.075.200-рэ мэхъу) тIукIэ нэхъыбэщ США-м е Китайм иубыдым нэхърэ. Йс цIыху бжыгъэм тепщIыхьмэ (147.386.000), абы еханэ уеиплI дуней псом щиIыгъщ.

Урысеим иумылъытмэ, къэралышхэ уэщ **Украинэри** (километр зэбгъуэзнатIэ 630.700-рэ мэхъу). Абы цIыху 51.706.746-рэ щопсэу. Промышленностэ зызыужьа зиIэ къэралщ, Абы и къалащхьэ **Киев** Днепр псым и Iуфэм Iусщ.

Белоруссиер (иджыпсту Беларусщ) Украинэм и ищхьэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ. Беларусым и къалащхьэ **Минск** лIэщIыгъуэ 9 и пэкIэ яухуауэ щытащ. Мелуани 10-м щIигъу цIыху зэрыс къэралым и щIыр километр зэбгъуэзнатIэ мин 270-м щIегъ у.

Молдавиер (иджыпсту Молдовэщ) Украинэм и ипщэ-кьухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ. Абы и щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 33.843-рэ мэхъу, цIыху 4.337.600-рэ щопсэу. Ар аграрнэ къэралщ. Къэралыгъуэ зэригъуэт лъандэрэ и гъунэгъу щIыналъэхэм я дэIепыкъуныгъэ хузэныкъуэщ. И къалащхьэ **Кишинев** ин дыдэщ.

Иджырей **Грузиер** къэрал инкъым, километр зэбгъуэзнатIэу мин 70 иныгъуу аращ, цIыху мелуани 5,5-рэ щопсэу. Я къэралыбзэр куржыбзэщ. Абы и къалащхьэр **Тбилисищ.**

Километр зэбгъуэзнатIэу мин 29-рэ зыIыгъ, цIыху мелуани 3,5-рэ щыпсэу **Армениер** мэкъумэщ Iэнатlэм зыщIужьа республикэщ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр щыпсэуэр и къалащхьэ **Ереванщ.** Псэугъуеи зэрыщыхъуам кьых экIыу, 1990 гъэхэм икуэкIэ цIыху куэд иIэпхъуакIащ.

Азербайджаным и щэнхабзэр кьыззэрымыкIуэщ, сыту жыпIэмэ, абы щызэхэхуэнкIащ алыдж, чыристан, муслымэн, урысей хабзэхэр. ЩIыуэпс газымрэ щыдагъэмкIэ нэхъ кьулей щыпIэу Азербайджаным иIэхэр зыхуэзэр абы и къалащхьэ **Баку** пэмыкьыжьэщ, Каспий тенджызым и Iуфэрэ. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм дунейпсо щыдагъэм и нькьуэр зыIэщIэльу щытар Бакущ. А къэралым и щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 86.600-рэ мэхъу, цIыху 7.037.900-рэ щопсэу.

ЩIыдагъэр, нэхъапэмэ иджыри, экономикэ, политикэ кьару лъэщу ябгъэдэлъщ СССР-м хьихьэу щыта республикитхум. Абыхэм ящыщщ Азие Курыпым хьихьэ къэрал нэхъ ин дыдэ, и инагькIэ дуней псом щыебгъуанэ **Къэзахстаныр**. Абы иубыд щIыр километр зэбгъуэзнатIэу 2.727.300-рэ мэхъу, цIыху 16.711.900-рэ щопсэу. Къэралым иджыпсту и къалащхьэр **Астанащ.**

Туркменистаным иныгъ щIым и нэхъыбапIэр кьуиущ. **Ашгабадщ** абы и къалащхьэм иджыпсту зэреджэр. Абы и экономикэр къэрал унафэм щIэтщ. Къэралым иныгъ щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 488.100-рэ мэхъу, цIыху 3.522.700-рэ щопсэ у.

Узбекистаныр и инагькIэ, СССР-м хьихьэу щыта къэралхэм я ятхуанэщ. Абы цIыху мелуан 20-м нэблагъуэ щопсэу, и щIыр километр зэбгъуэзнатIэу 447.400-рэ мэхъу. Къалащхьэр **Ташкентщ**. Узбекистаныр нэхъыбэу зыдэлажьэр Урысейращ.

Бгылъэ **Кыргызым** (иджыпсту Кыргызстанщ) щыпсэуэхэм я нэхъыбапIэр муслымэнщ. Ахэр зэрыщэпсалъэр тюрк бзэ гупым хьихьэ бзэщ. Къэралым и щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 198.500-рэ мэхъу, цIыхуу абы 4.257.800 исщ. **Таджикистаным** иныгъ щIым (километр зэбгъуэзнатIэу 143100-рэ) и нэхъыбэрэ бгылъэщ. Абы щыпсэуэхэр (цIыху 5.112.000-рэ) кьызытехъукIар кьэжэрэрщ, ахэр муслымэнщ. А къэралитIым я къалащхьэхэр **Бишкекрэ** (нэхъапэм Фрунзе) **Душанберэщ**. Совет Союзым и адрей республикэхэми хуэдэу, зыужьыныгъэм зэран хуохьу цIыхухэр зэрызэнэкьуэкьыр.

Литвам и къалащхьэ **Вильнюс** курыт лIэщIыгъуэхэм щыгъуэ европей къэрал уардэм и псэнуплъэ хэщIапIэу щытащ. А къэралым и щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 65200-рэ мэхъу, цIыху 3.689.779-рэ щопсэу. **Латвием** (и щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 64589-рэ мэхъу, цIыху 2.666.567-рэ щопсэ у) и къалащхьэ **Ригэрэ Эстонием** и къалащхьэ **Таллиннрэ** Балт хым и кхъухь тедзапIэ лъэщщ. Эстонием и щIыналъэр километр зэбгъуэзнатIэу 45226-рэ мэхъу, цIыху 1.565.662-рэ щопсэу.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● ЦIыхухъэжьым я гупсысэхэр

Сыт IущагъыР зыхэлъыр?

ЩIэныгъэр мыхъумыщIагъэ куэдым ущызыхъумэ Iэщэщ.

Рудаки Абулхьэсэн,
къэжэр-таджик усакIуэ.

ЛъэкIыныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зыщ.

Бэкон Фрэнсис,
инджылыз щIэныгъэлI.

Зыр зым фIыкIэ хуэхъуэпсэнырщ цIыхуитIыр нэхъ гъунэгъу зэкуэзыщIыр.

Публилий Сир,
урым усакIуэ.

ЦIыхур цIыху нэсу щыщIытыр Iэжьыгъэм щыпэрытым и дежщ.

Гойо Жан Мари,
франджы философ.

Дахагъэр гу хунтымрэ узынщагъэ быдэмрэ я джэлэсщ.

Шефер Леопольд,
нэмыцэ усакIуэ.

Iущагъыр зыхэлъыр пэжырщ.

Гётте Иоганн,
нэмыцэ усакIуэ.

ЦIыху гъащIэм и кIыхьагъыр ильэс бжыгъэкъым кьызэральытэр, атIэ IэдакъэщIэкIэрщ.

Смайлс Самюэл,
инджылыз тхакIуэ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 3.** Адыгэ Iуэрэ Iуатэм хэт цIыхубз пелуан. Абы и цIэр зы адыгэ къуажи зэрехьэ. **8.** Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбардей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ. **9.** ХьэхъупащIэ ... (Щомахуэ ... (я цIэхэр). **10.** Мусльымэнхэм Iэщ щауэкI я махуэшхуэ. **11.** Насыпыфэ, Iуэху кьызэхъулIэ. **12.** КIыщокъуэ Алим и роман. **15.** Нарт фадэ. **16.** Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Къэбардей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щытащ. **17.** Зи къуэр дзыгъуащэ унагъуэ псэущхьэ. **20.** Пшыкуфы дыдаш, зепхэну Iей дыдэщ. **23.** Данэ щэкI пэпкъ. **24.** Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАЕМ и академик, критик, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я союзым и гуащэ. **25.** Чыристан диным итхэр тхьэ щелъэIу унэ. **28.** Фы дыдэу ялъагъу. **30.** Гъэмахуэм ... щIы, щIымахуэм гу щы. **32.** Къэбардей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Бжьамий» ансамблыр кьызэзыгъэпэща дирижер. **33.** Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь гъавэгъэкI цIэрыIуэ. **37.** Батрэз и адэ. **40.** МахуэщIэ. **41.** Зыгуэр (чырбыш) ягъэжьн пящIэ къаугъэсбэп Iэмэпсымэ. **42.** Мэзым и тхьэ. **43.** Нэхулъэ кьызэзэщIитхьэщ, нэху щыхьэ зэман; махуэм и апэ нэмэз. **44.** Акъсыр Зэлымхан и «Iэдииху» пьесэм хэт цIыхубз.

***Къехуу*: 1.** Адыгэ узэрэдыжь. **2.** ЩIэныгъэм, медицинэм хуабжьу кьыщагъэсэбэп линзэ телъыдэжьр кьызыгупсыса адыгэ еджагъэшхуэ. Абы ешхыр и цIэр фIащыжащ. **3.** Тхьэвым кьыхьэщIыкIауэ дагъэкIа ягъэжьэ адыгэ шхыныгъуэ. **4.** Мэкъу зэреуэ, удз зэрыпаупщI Iэмэпсымэ. **5.** Щоджэнцыкку Алий Истамбыл щитха усэ цIэрыIуэ. **6.** Къэбардей-Балъкъэрым щыIэ куей, къуажэ, щежэх псы. **7.** Хум, нартыкум кьыхащIыкI адыгэ фащэ махэ. **13.** Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и артистхэ, Къэбардей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Къэбардей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ. **34.** Адыгэхэр Египетым зэреджэ. **35.** Пэшым зэрыщIэт вакъэ. **36.** Чым кьыхэщIыкIауэ бдзэжьей зэрещэ Iэмэпсымэ. **38.** Мэл зыхэва нехъэрэ ... зыхэпкIа. **39.** Урысей Федерацэм футболымкIэ и пример-лигэм хэту къэралым и чемпион тIэунейрэ хьуа щIалэ.

Зэхэзыльхьар
УЭРШЫ Нурхьэлийщ.

ЩIышылэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 1.** Нып. **3.** Алъп. **4.** Щхьэпс. **9.** Къэрабгъэ. **10.** Сэтэней. **14.** Кьуаргъ. **15.** Гуащэ. **16.** Дзэлыкъуэдзэ. **17.** Бжьэф. **18.** Лъкъым. **19.** Лъэ. **20.** Хьэкъурт. **22.** Кьрыф. **26.** ГурэпкIыпрэ. **27.** Дыгъэмыкъуэ. **30.** Дэ. **31.** Мардэ. **32.** КIэ. **34.** Шэрхъ. **36.** Кьады. **37.** Тхьэгъэгурым. **39.** Бгъэр. **40.** Нанэ. **43.** Тырнауш. **44.** Кьуэныкъуей. **45.** Адакъэ. **46.** Тут. **47.** Гъурц.

***Къехуу*: 2.** Пащагъэ. **3.** Аслъэн. **5.** Нэбгъэф. **6.** МафIэдз. **7.** Нэмыс. **8.** Бейгуэл. **11.** Льабжьэ. **12.** Дыкуакъуэ. **13.** Пщыкъуэ. **19.** Льэпэр. **20.** Хьэрэм. **21.** Тхыдэ. **23.** ХьэмкIэ. **24.** Кьурш. **25.** Пхъужь. **28.** Ермэлы. **29.** Iэбгъэ. **33.** Iуданэ. **35.** Хьарбыз. **36.** Кьандес. **37.** Теунэ. **38.** Мылыф. **41.** Мурат. **42.** Хьэсэгъу.

● Псалъэжьхъэр

ФIы пщIамэ - узыщымытхъуж

♦ Мэзымрэ кIыфIыпIэмрэ уи щэху щымыIуатэ.
Абаз.

♦ФIы пщIамэ - узыщымытхъуж.
Абхъаз.

♦ЗэгъунэгъуитI я жэм къэшыкIэ зэхуэдэкъым.
Адыгей.

♦УкьыщацIыхуу щIыпIэм уи щхьэр щыIупIащ, укьыщамыщIыхум уи джэгур щыIупIащ.
Нэгъуей.

♦Жьым и Iущагъымрэ щIалэм и жанагъымрэ зыхэгъэль.
Шэшэн.

♦ Къарум нэхърэ пэжыр нэхъ лъэщщ.
Осетин.

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

●ПщIыхьэпIэхэм къарыкIыр

Пщащэм тхьэрыкъуэ илъагъумэ...

ТХЬЭРЫКЪУЭ пщIыхьэпIэу пльагъуным, е я макъ зэхэпхьу уепщIыхьыным кьикIыр уи унагъуэм и жьэгур зэрыхуабэрщ, сабий нэфIэгуфIэ зэрыдэсырщ. Пащащэм тхьэрыкъуэ илъагъумэ, щIэх дыдэу унагъуэ ихьэну аращ. А къуалэбзу дахэр уэгум иту уи нэгу кьыщIэхуэмэ, щIыпIэщIэ уи Iыхьлым и хьыбар зэкIэпхьну аращ. А пщIыхьэпIэр хунтымыгъэми и нэщэнэщ. Абгъуэ зыщ тхъэрыкъуэ уепщIыхьмэ, уи лъахэм мамырыгъэ щыIэну аращ. Тхьэрыкъуэ хужь гуп уэгум щыльатэмэ, гуапагъэм, насыпым, ехьулIэныгъэм я нэщэнэщ.

Уэ къехьэм хуиубыдауэ пльагъумэ, уи Iуэхуэр зэфIэзэрыхьынущи, сакъ. Унэм ущIэсу уэ кьыззэрехьмэ и макъ зэхэпхээ, гуапэ пщымыхъун хьыбар гуэр кьыжьалэнущ.

Кхъужь къыпипчыжу уи нэгу кьыщIэхуэмэ, уи гур хэзыгъэхъуэн Iуэху гуэр урихьэлIэнущ.

Саугъэт кьуату пщIыхьэ пльагъумэ, уи мылькум кьыхьэхуэну аращ. Уэ зыгуэрым тыгъэ хуэпщIу уепщIыхьмэ, кьыпхуэмыарэзы цIыхухэр зэрыщIыпм и нэщэнэщ.

Кьуажэ гуэрым ущыIэу пщIыхьэпIэу пльагъумэ, узыншагъэ быдэ уиIэнущ, пшхын, пщIэн бгъуэтынущ. Уи сабиигъуэр щыбгъэкIуа кьуажэм укIуэжу уепщIыхьмэ, хьыбарыфI зэхэпхьну аращ.

Жьыг уи нэгу кьыщIэхуэмэ, уи гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъунущ. Жьыгыр щхьэантIэмэ, фIы ухуэзэнущ. МафIэ зыщIэна жьыг пльагъумэ, уи мурадхэр нахуапIэ хъунущ, уи Iуэхур узэрыщымыгугъуэу кьыщIэкIынущ, зыбгъужьнущ. Пхъэ щIэуэ уепщIыхьмэ, куэд щIауэ зиужь унт Iуэхур зэфIэкIынущ.

Сабий уи пщIыхь кьыхэхуэмэ, ар зыужьныгъэм, насыпым и нэщэнэу аращ. Анэр и сабийр сымаджэу епщIыхьмэ, езыр лъэпощхьэпIо гуэркъм иприхьэлIэну аращ. Сабийхэр лажьэу е щIэхуэ пльагъумэ, зэгурыпсэныгъэ, мамырыгъэ щыIэну аращ.

Гъуэгу умыщIыку нэшэкъащэу урикIуу уи нэгу кьыщIэхуэмэ, Iуэхущ гуэркъм яужь уихьэну аращ. Ауэ абыхэм ящхьэ кьапэкIуэнукъым. Гъуэгубгъуэм удэ е жыг щухъанатIэхэр егъэтIысэжкIмэ, хьыбар гуапэ зэхэпхьнущ. И ныбжьэгъуэгр уи гъусэу гъуэгу утету пльагъумэ, унагъуэ дахэ бухуэну аращ. Гъуэгум ущыгъуэщхуэ уепщIыхьмэ, уи сату Iуэхум хэщIыныгъэ кьыпхуихьынущ.

●ПщIыхьэпIэхэм къарыкIыр

Пщащэм тхьэрыкъуэ илъагъумэ...

хъунущ, уи Iуэхур узэрыщымыгугъуэу кьыщIэкIынущ, зыбгъужьнущ. Пхъэ щIэуэ уепщIыхьмэ, куэд щIауэ зиужь унт Iуэхур зэфIэкIынущ.

Сабий уи пщIыхь кьыхэхуэмэ, ар зыужьныгъэм, насыпым и нэщэнэу аращ. Анэр и сабийр сымаджэу епщIыхьмэ, езыр лъэпощхьэпIо гуэркъм иприхьэлIэну аращ. Сабийхэр лажьэу е щIэхуэ пльагъумэ, зэгурыпсэныгъэ, мамырыгъэ щыIэну аращ.

Гъуэгу умыщIыку нэшэкъащэу урикIуу уи нэгу кьыщIэхуэмэ, Iуэхущ гуэркъм яужь уихьэну аращ. Ауэ абыхэм ящхьэ кьапэкIуэнукъым. Гъуэгубгъуэм удэ е жыг щухъанатIэхэр егъэтIысэжкIмэ, хьыбар гуапэ зэхэпхьнущ. И ныбжьэгъуэгр уи гъусэу гъуэгу утету пльагъумэ, унагъуэ дахэ бухуэну аращ. Гъуэгум ущыгъуэщхуэ уепщIыхьмэ, уи сату Iуэхум хэщIыныгъэ кьыпхуихьынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадин**э (жэуап зыхь секретарь), **Тыщ1о Зариф, Жылаэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьжьыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-87-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэщ1ап1эхэм ядгъэзыжьымкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтеухэу зыпыт щыгъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дальщ федералыр иощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыныкIэ жэуап ехь КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КЪБР-м ЩIэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня, редактору Жылаэ Маритэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3,4-нэ нап.),* **ТхьэтIыкI Юрэ** *(1,2-нэ нап.),* **корректорхэм я дзIэныкъуэхэу Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэ ящIащ:* **Бол Марин, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэттыщI* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэ гъуэгум ещхьыгъуэ щыкIэ 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №348